

LITURGI PASKAH

“Wungunipun Sang Kristus Nganyaraken Tumitah”

GKJ SUKOHARJO, 5 APRIL 2026

TIMBALAN PANGIBADAH (M1)

M1: Pepeteng sampun kagontos dening pepadhang. Nalika Gusti Yésus wungu, tuwuh pangajeng-ajeng ingkang anyar. Wonten pamanggih anyar. Wonten krenteg anyar kanggé dandosi lan nganyaraken ingkang risak. Para sedhèrèk, sumangga kita sami jumeneng, sesarengan mahargya wungunipun Gusti Yésus Kristus, Gusti kita.

KPJ 258:1,2 “GUSTI YÉBUS WUS WUNGU”

1. Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya!
Samnya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!
2. Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!

VOTUM

P : Kita lumebet ing pangibadah Paskah punika kanthi pangaken; “Pitulungan kita menika wonten ing asmanipun Sang Yehuwah, ingkang nitahaken langit lan bumi, ingkang langgeng kasetyanipun lan ingkang boten nate nilar pakaryan Astanipun”. Amin

U : [aklamasi] Amin, amin, amin.

SALAM

P : Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saking Gusti Allah, Rama kita, lan saking Gusti Yesus Kristus, nunggil ing panjenengan.

U : lan nunggil ing panjenengan ugi

PAMBUKA

(lenggah)

P: Wungunipun Sang Kristus mujudaken wiwitaning titah anyar ingkang mbabaraken kaadilan, pulihing sesambetan, lan pamulihan samukawis; boten namung tumrap manungsa nanging ugi tumrap sadaya titah. Gusti Allah boten naté nebihaken manungsa saking titah sanèsipun. Sih-

susetyanipun dados tetales sadaya pagesangan. Wungunipun Sang Kristus dados punjer pakaryan pamulihanipun Gusti Allah. Panjenenganipun nyatunggilaken ingkang rangka, njejegaken ingkang jugrug, saha ngéwahi ingkang kaanggep remèh dados aji. Sumangga sesarengan sadaya titah, kita ngrepèkaken kidung

KPJ 267:1,3 PAMARTA KULA AGESANG

1. Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang kang sinalib gesang. Dennyta seda krana kula wungune dados panjerna, kula ndherek gesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
3. Tyas kula yoga agirang de gadhah Pamarta gesang, sung gesang mring kula. Gusti gesang aneng swarga nyawisi papan mring kula, kula ndherek gesang.

PENGAKENING DOSA

M2: Sesarengan kita nungkulaken manah ing ngarsanipun Gusti. Kanthi jujur, kita kedah ngakeni bilih kita asring nengenaken dhiri kita piyambak. Kita nglirwakaken sesami lan titahipun Gusti sawetahipun. Kita asring nutup mripat tumrap karisakaning tumitah. Pramila sumangga kita ngraos-raosaken ing salebeting manah lan ngunjukaken pandonga kita piyambak-piyambak ing ngarsanipun Gusti.

..... Wekdal ening, dedonga pribadi

M2: Inggih punika Gusti pengaken kawula, mugé Paduka paring pangaksama dhateng sadaya panerak lan dosa kawula. Wonten ing asmanipun Gusti Yésus kawula ndedonga. Amin

KPJ. 44 “AKU WONG KANG DOSA”

1. Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti, temahan den sucèkna, srana rahé kang suci.
Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur.

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(jumeneng)

P: Tumraping saben tiyang ingkang nyata-nyata mratobat, Gusti Allah ngetingalaken sih-rahmatipun, (2 Timotius 2:11-13) ” *Iki tetembungan kang*

bener: "Manawa kita ndherek Panjenengane seda, iya ndherek Panjenengane gesang; manawa kita nahanake iya bakal ndherek Panjenengane ngereh; manawa kita nyelaki Panjenengane iya bakal diselaki Panjenengane; manawa kita ora setya, Panjenengane tetep setya, awit Panjenengane ora bisa nyelaki sarirane piyambak." Mekaten pawartos sih-rahmat saking Gusti

U: Puji Sokur konjuk Gusti

KPJ 263:1-3 LAH WONTEN SWARA GUMIYAK

1. Lah wonten swara gumiya ngumandhang nèng Yérusalem.
Duk gumebyar padhang surya. Lah wus wungu Gusti kula!
2. Sira plimenganing pati, tan kecongah nglawan Gusti.
Gusti unggul, nilar kubur; nyata Sutèng Kang Maluhur.
3. Mangké pati tan ngajrihi, Gusti sampun anguwisi,
Sinten pitados mring Gusti tan ajrih sara myang pati.

PELADOSAN SABDA

- DONGA
- WAOSANG KITAB SUCI
 - ✓ Lelakoné Para Rasul 10:34-43
 - ✓ Masmur 118:1-2,14-24
 - ✓ Kolose 3:1-14
 - ✓ Mateus 18:1-10

P : Mekaten Panganikanipun Gusti, ingkang rahayu inggih ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken. amin

U : (ngidungaken) HALELUYA Amin

Khotbah

Wekdal Ening

Sahadat (M3)

Pandongga Safaat

PELADOSAN BUJONO SUCI

- Pratelan

KPJ 278;1 WONTEN DARAH SUCI MANCUR

Wonten darah suci mancur neng ardi Golgota,
nggih rahipun Gusti Yesus kang ngicalken dosa.
Kang ngicalken dosa, kang ngicalken dosa.
Nggih rahipun Gusti Yesus kang ngicalken dosa

- Peladosan Bujana Suci

PISUNGSUNG

M4: Dinten punika kita kaparingan wekdal caos pisungsung Paskah, pisungsung Bujana Suci, Pisungsung Mingguan lan pisungsung-pisungsung sanesipun. Pangandikanipun Gusti minangka tetales, kita tampi saking Jabur 113:2-3, “Asmaning Sang Yéhuwah kasuwurna, ing saiki lan ing salawasé. Asmaning Sang Yéhuwah pinuji-pujia saka papan plethèking srengéngé nganti tekan ing papan surupé”.

KPJ. 156:1- “ALON SANG SURYA GUMIWANG”

1. Alon sang surya gumiwang, candhik ayu memayu.
Kita antuk pangasoan kanthi tentrem rahayu.
Tilingna swara manis ing gentha. Pandonga sokur padha aturna.
Hé, gentha, ngumandhanga dadya sanguning nendra.
2. Sang ratri nglimputi bumi abyor cahyèng kartika
nelahi nyunarken asma Pamarta Gusti kita.
3. Kasugengan duk ing ratri nggambaraken rum-wangi
rereh sing bot kasanggi ayom ing sihing Gusti.

• **Pandonga pisungsung lan panutup**

PANGUTUSAN *(jumeneng)*

P : Sumangga kita sami mengker saking papan pangibadah punika kanthi suka bingahing manah, èngeta Sabdanipun Gusti bilih Panjenenganipun nresnani jagad saisnipun. Wungunipun Sang Kristus mujudaken warta karahayon tumrap sadaya tumitah. Dadosa juru bedhamèn lan katresnan tumrap sadaya tumitah ing sabumi

KPJ 452:1 TÉKADING MANAH KAWULA

1. Tékadang manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti,
yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.
Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah.
Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki.

BERKAH

P : Sih Rahmatipun Gusti Yesus saha sihipun Gusti Allah, tuwin patunggilanipun Sang Roh Suci wontena ing kita (para sedherek) sedaya.
J : Amin

KPJ 459 PINUJIA ALLAH SANG RAMA